



LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC.

Chesterfield Smith Center for Equal Justice
3000 Biscayne Boulevard, Suite 500 • Miami, FL 33137-4129
(305) 576-0080 • Fax: (305) 573-5800 • TDD: (305) 573-1578
www.lsgmi.org

GARRETT J. BIONDO
President

LANCE A. HARKE
1st Vice President

YANICK LANDESS
2nd Vice President

CARLOS J. CANINO
Treasurer

GISELA M. MUNOZ
Secretary

JOHN W. McLUSKEY
Immediate Past President

MARCIA K. CYPEN
Executive Director

ENFÓMASYON SOU POSEDI NATIRALIZASYON

PAKÉ APLIKASYON

Aplikasyon pou natiralizasyon se fòm N-400. Ou ka jwen fòm san nan “U.S. Citizenship and Immigration Services” (USCIS) nan sit www.uscis.gov. Fòm sa-a dwe ranpli epi soumèt pou ou ka aplike pou natiralizasyon.

Paké aplikasyon an dwe gen la dan li tou fré kòrèk la epi 2 foto jan paspò avèk aplikasyon ou an. Fré aplikasyon an se \$595 epi ou dwe peye fré anprent lan \$80. Fré total la se \$675 ki dwe fèt sou nom “Department of Homeland Security” shék o sinon “money order.” Sepandan, si ou elijib, ou ka mande pou yo retire fré aplikasyon an pou tou de bagay sa yo aplikasyon an epi anprent lan. Sepandan, endividi ki gen 75 ane epi plis pa bezwen soumèt fré pou anprent (fingerprint fee) epi yo pa pral fé anprent yo non plis. Mwen mete nan lét la on Fòm pou ou Mande pou yo Retire lajan-an pou ou (Attached is a Request for Fee Waiver form). Ou ta dwe mete ak li prév revni ou epi depans ou. USCIS gen dwa refize deman-n fré pou ou pa peye a epi refize aplikasyon ou an.

Si ou mande on “waiver” pou ou pa pran Egzamen Anglé a epi Sivik la, ou dwe soumèt on sa ki rele “Medical Certification for Disability Exceptions form N-648.” Dokté ou ta dwe rampli fòm sa-a epi repon-n komplétman a tout kesyon ki poze konsénan kondisyon ou pou USCIS ka detémine si ou elijib pou “waiver.” Ou ka jwen fòm sa-a tou nan sit enténét USCIS nan www.uscis.gov.

Nan paké aplikasyon ou an, ou ta dwe enkli tou ninpòt lòt dokiman ke USCIS ta mande ou nan enstriksyon pòsyon “N-400” lan.



PASSIONATELY COMMITTED TO EQUAL JUSTICE

An rezime, paké aplikasyon ou ta dwe genyen bagay sa yo:

- Fòm aplikasyon "N-400" la;
- 2 foto paspò;
- Fré nesésé epi/o sinon fré "waiver" a;
- fré anprent; epi
- tout dokiman ki nesésé pou aplikasyon ou an.

Ou ta dwe voye paké aplikasyon ou an nan adrès ke yo ba ou nan pòsyon enstriksyon an ki nan fòm "N-400 form" nan.

POSEDI APLIKASYON AN: RANDEVOU ANPRENT & ENTÉVIOU NATIRALIZASYON

On fwa ke ou soumèt aplikasyon ou an, ou pral resevwa on Notis Resi. Sa konfime ke USCIS te resevwa aplikasyon ou an epi li ap travay sou li. Prochen notis ou pral resevwa pral pou randevou anprent ki pral di ou ki lé epi ki kote pou ou ale pou randevou sa-a. Si ou gen 75 ane o sinon pi gran ke sa, ou pa pral resevwa on notis randevou pou anprent.

On fwa ke yo pran anprent ou epi USCIS fini jwen enfòmasyon sou pase ou (background check), yo pral fikse on entéviou natiralizasyon pou ou. Nan entéviou ou a, on Ofisye Imigrasyon pral revize aplikasyon ou an epi ou pral pran egzamen Anglé epi Sivik la. Si yo aprouve aplikasyon ou an, alò Ofisye Imigrasyon an ta dwe enfòm ou de sa, ke ou pral resevwa on randevou pa la pòs pou prestasyon séman.

Si ou ta mande on "waiver" konsénan egzijans Egzamen Anglé/Sivik lan epi ou soumèt fòm "N-648," USCIS dwe detémine si wi o sinon non fòm ou an repon-n a egzijans yo. Si li repon-n a krité yo, alò yo pral retire egzamen Anglé/ Sivik lan. Sepandan, si USCIS detémine ke diagnostik epi symptòm ki ekri nan fòm "N-648" ou a pa repon-n a krité pou yo retire egzijans ki mande ou pran egzamen Anglé/ Sivik yo, alò USCIS pral fé entéviou a an Anglé, epi ou dwe pran egzamen an.

Si USCIS detémine ke fòm "N-648" ou an pat sifi epi ou pa pase egzamen Anglé/Sivik lan, yo pral akòde ou on lòt entéviou ankò. Nan dezyém randevou ou a, swa ou ka prezante on nouvo fòm "N-648" ke dokté ou a ranpli o sinon eseye rebran egzamen Anglé/Sivik la ankò.

Si ou pa resevwa on desizyon nan dat entéviou ou a, ou ta dwe resevwa on desizyon sou aplikasyon natiralizasyon ou an nan 120 jou kòmanse nan dat entéviou ou a.

PRESTASYON SÉMAN

Seremoni prestasyon séman-an se etap final pou ou vin-n on sitizen Ameriken (U.S. citizen). Si USCIS aprouve aplikasyon ou an epi voye on randevou pou ou prete séman, li tré empòtan ke ou ale nan seremoni sa-a, pran dokiman ke yo mande ou a epi ranpli fòm nan an antye tankou yo mande ou a. Ou pral resevwa Sétifika Sitizen ou nan seremoni prestasyon sévis la.